

## **Ki sa antant lan ye?**

- An 2020, Pwokirè Jeneral la te entante yon aksyon an jistis kont Lyft ak Uber pou jwenn salè, avantaj ak lòt pwoteksyon pou chofè Uber ak Lyft yo. Konpayi yo te aksepte yon antant ak Biwo Avoka Jeneral Massachusetts la pou rezoud litij a.
- Antant lan fè de bagay prensipal:
  - Li bay omwen \$140 milyon dola peman retwoaktif pou chofè ki te itilize aplikasyon Uber ak Lyft Driver pou bay pasaje yo nan Massachusetts sèvis transpò ant 14 jiyè 2020 ak 2 jiyè 2024.
  - Li bay tou nouveau avantaj pou tout chofè aktyèl yo ki itilize aplikasyon Uber ak Lyft Driver pou bay pasaje yo sèvis transpò. Avantaj sa yo ap disponib atravè aplikasyon Uber ak Lyft Driver.

## **Ki nouvo avantaj chofè aktyèl yo pral resevwa?**

- Nouvo avantaj yo enkli bagay sa yo :
  - Yon "Sèy revni" minimòm \$32.50 pa èdtan travay, apati 15 out 2024. Tan travay sa se tan lè yon chofè aksepte sèvis transpò yon pasaje mande nan aplikasyon Uber oswa Lyft la ak lè chofè a depoze pasaje a. Sa gen ladann tan chofè a pase ap kondwi pou ale nan destinasyon a, ap tann nan kote sa a, epi transpòte pasaje a nan kote 1 ap depoze 1 la.
  - Sèy revni a ap ogmante chak ane pa 3% oswa yon to enflasyon an, apati janvye 2025.
  - Notifikasyon alekri sou dezaktivasyon ak enfòmasyon sou poukisa yo te dezaktive yon chofè ansanm ak dwa pou fè apèl kont tout dezaktivasyon, apati 2 septanm 2024.
  - Asirans aksidan travay yo peye pa konpayi yo pou yon kouvèti asirans maksimòm \$1 milyon pou aksidan ki gen rapò ak travay, apati 1ye oktòb 2024.
  - Deklarasyon ki eksplike revni chofè yo ak konbyen pasaje yo te peye pou yon sèvis transpò, apati 1ye oktòb 2024.
  - Konje maladi peye garanti, apati 1ye novanm 2024
  - Yon alokasyon otomatik, ki enkli nan salè chofè yo, pou kouvrir depans pou achete nan pwogram konje medikal ak fanmi peye eta a, apati 30 janvye 2025.
  - Aksè a yon vantaj asirans maladi, apati 1ye mas 2025
  - Asistans pou chat nan aplikasyon pou Lyft ak Uber nan lang anglè, panyòl, pòtigè ak fransè, apati 2 jiyè 2025.
  - Aksè imedyat nan pwoteksyon kont diskriminasyon, vanjans ak konje pwoteje nan ka vyolans domestik

## **Èske mwen kalifye pou peman antant?**

- Si w te efektye sèvis transppò avèk aplikasyon Uber oswa Lyft Driver ant 14 jiyè 2020 ak 2 jiyè 2024, ou ka kalifye. Biwo Avoka Jeneral la toujou ap travay sou kritè pou peman ki jis e ki gen sans.

- Peman antant yo p ap fèt anvan 1ye janvye 2025, dat Uber ak Lyft dwe fè peman yo bay Avoka Jeneral la.
- N ap bay plis enfòmasyon byento sou pwosesis pou vèsman peman antant yo.

### **Ki salè minimòm pou chofè yo?**

- Anvan antant lan, Uber ak Lyft pa t garanti chofè yo yon kantite salè minimòm. Kòm konsekans antant lan, chofè ki bay sèvis transpò nan Massachusetts yo kounye a gen dwa a yon peman minimòm pa èdtan. Apati 15 out 2024, Lyft ak Uber pral asire chofè yo resevwa yon minimòm \$32.50 pa èdtan travay. Men kèk pwen enpòtan:
- Lyft oswa Uber pral asire ke tout chofè yo resevwa omwen kantite salè minimòm pou chak èdtan lè yo itilize yon "Sèy revni." Sèy revni sa a kòmanse nan \$32.50 pa èdtan travay.
- Chofè yo pral resevwa salè minimòm pou "tan travay." Tan travay se tout tan ki genyen ant lè yon chofè aksepte yon sèvis transpò ak lè yon chofè depoze pasaje a. Sa gen ladann tan ki pase ap kondwi pou pran yon pasaje, tan ki pase ap tann yon pasaje nan kote a, ak tan ki pase ap kondui pasaje a nan kote l ap depoze l la.
- Pou chak peryòd reminerasyon de semèn, Lyft oswa Uber konpare kantite mwayèn pou chak èdtan chofè yo te touche ak planxhe revni yo. Si yon chofè te touche mwens pase Sèy revni a, Lyft oswa Uber dwe peye chofè a diferans ki genyen ant salè reyèl chofè a ak Sèy revni an. Lyft oswa Uber ap peye chofè a pa pita pase twochen peryòd reminerasyon an. Uber ak Lyft ap vèse epi pap kontabilize nenpòt poubwa ke yon chofè touche nan kad planch reminerasyon an.
- Sèy revni yo ap ogmante pou chak ane, apati 15 janvye 2025. Kantite ogmantasyon an koresponn ak de to pi ba sa yo : (i) yon toto anyèl 3%; oswa (i) to enflasyon mwayèn pou ane kalandriye anvan an jan sa reflete nan Endèks Pri Konsomatè Biwo Estatistik Travay Etazini pou Salè yo ("CPI-W") pou Rejyon Nòdès la. Li ka ogmante tou si salè minimòm leta a ogmante.

### **Ki sa peye konje maladi ye?**

- Apati 1ye novanm 2024, chofè yo pral touche yon èdtan konje maladi peye pou chak 30 èdtan tan travay. Chofè yo ka touche yon maksimòm 40 èdtan konje malad pa ane bò kote chak konpayi.
- Tan travay kòmanse lè yon chofè aksepte demann yon pasaje nan aplikasyon chofè Lyft oswa Uber, epi li fini lè li depoze pasaje a nan destinasyon li.
- Konje maladi a se \$20 pa èdtan.

- Pou konje maladi a ap ogmante an fonksyon enflasyon anyèl la, apati 1ye janvye 2025, gras ak 2 to pi ba sa yo : (i) yon toto anyèl 3%; oswa (ii) to enflasyon mwayèn pou ane ivil anvan an jan sa reflete nan Endèks Pri Konsomatè Biwo Estatistik Travay Etazini pou Salè yo (“CPI-W”) pou Rejyon Nòdès la. Li ka ogmante tou si salè minimòm leta a ogmante.
- Yo pral bay chofè ki kalifye yo plis enfòmasyon sou avantaj sa a nan aplikasyon an pa pita pase 15 desanm 2024.

### **Kouman mwen ka mande yon konje maladi peye?**

- Lyft ak Uber ap mete ajou aplikasyon chofè yo pou jere konje maladi. Chofè yo pral kapab wè konbyen èdtan pou konje maladi yo te kolekte jiskaprezan, ansanm ak reklamasyon konje maladi peye apati 2 novanm 2024.

### **Kisa ki kalifye pou konje maladi peye?**

- Ou ka itilize konje maladi pou tout rezon ki endike anba la yo. Ou ka pran konje maladi pou tèt ou, oswa pou pran swen pitit ou, konjwen, paran oswa paran konjwen ou.
- Chofè yo ka mande konje maladi pou:
  - maladi mantal oswa fizik, blesi, oswa pwoblèm sante (ou pa bezwen yon dyagnostik oswa swen medikal lè ou mande konje)
  - dyagnostik, swen, oswa tretman yon maladi mantal oswa fizik, blesi, oswa pwoblèm sante; oswa yon bezwen pou dyagnostik medikal oswa swen preventif
  - absans travay lè oumenm oswa pitit ou te viktim vyolans domestik

### **Ki sa ki nesesè nan pwosesis dezaktivasyon an?**

- Apati 2 septanm 2024, chofè yo pral resevwa yon notifikasyon alekri sou dezaktivasyon ak enfòmasyon sou poukisa yo te dezaktive yon chofè ansanm ak dwa pou fè apèl kont tout dezaktivasyon.
- Chofè yo pral kapab fè apèl kont tout desizyon Lyft oswa Uber pou dezaktive chofè sa a.

### **Ki enfòmasyon sou salè Lyft ak Uber pral bay?**

- Lyft ak Uber pral bay relve salè pou chak trajè ki montre konbyen chofè a te touche ak konbyen yon pasaje te peye pou chak trajè.

### **Ki enfòmasyon sou trajè Lyft ak Uber pral bay?**

- Apati 1ye septanm 2024, lè yo ofri yon chofè yon trajè nan aplikasyon an, notifikasyon pou chofè a dwe gen ladan 1 estimasyon tan ak kantite kilomèt ak salè ki estime pou trajè a.
- Apati 1ye oktòb 2024, nan lespas 24 èdtan apre yon trajè la fini, chofè a pral resevwa yon releve elektwonik ki montre pou trajè a :
  - kantite total tan an;
  - total kilomèt kondwi
  - Salè total yo peye chofè a; epi
  - kantite lajan pasaje a te peye pou trajè a.

### **Ki jan Lyft ak Uber chanje sipò pa chat?**

- Rive 2 jiyè 2025, sipò chat an dirèk nan aplikasyon pou chofè yo ap disponib an anglè, panyòl, pòtigè ak fransè.
- Chofè yo pral kapab pale an dirèk ak pèsònèl Lyft oswa Uber atravè aplikasyon yo. Reprezantan sa yo pral familyarize ak politik Lyft oswa Uber ki enpòtan yo pou yo bay chofè yo enfòmasyon egzat.

### **Kisa Alokasyon pou Konje Medikal Fanmi Peye a ye?**

- Apati 30 janvye 2025, Lyft ak Uber pral peye mwatye pou santaj antreprenè endepandan an pou Konje Medikal Fanmi Peye (0.44% salè, eksepte poubwa), bay chak chofè, chak trimès oswa pi bonè, pou chofè yo ka patisipe nan. pwogram Konje Medikal Fanmi Peye Eta a si yo chwazi fè sa.
- Pou plis enfòmasyon sou Konje Medikal Fanmi Peye , vizite:<https://www.mass.gov/info-details/paid-family-and-medical-leave-coverage-for-self-employed-individuals>

### **Ki pwoteksyon diskriminasyon ki aplikab?**

- Lyft ak Uber pa dwe angaje nan okenn diskriminasyon kont chofè oswa chofè potansyèl sou baz karakteristik pwoteje kont ki patwon yo entèdi pou yo fè diskriminasyon dapre [G.L. c. 151B](#).

### **Ki avataj yo pral bay atravè Asirans Aksidan Travay?**

- Apati 1ye oktòb 2024, Uber ak Lyft pral peye pou Asirans Aksidan Travay pou tout chofè pou jiska \$1 milyon kouvèti asirans pou aksidan ki gen rapò ak travay.

### **Ki sa alokasyon sante a ye?**

- Apati 1ye mas 2025 chofè yo pral kalifye pou yon avantaj asirans maladi.

- Avantaj sante sa a pèmèt chofè yo rasanble èdtan yo kondwi pou de konpayi yo jwenn aksè a yon alokasyon asirans maladi. Tout moun ki kondui pou plis pase 15 èdtan pa semèn—pou youn oswa toude konpayi yo—ap kapab touche yon lajan asirans maladi pou peye pou yon plan Massachusetts Health Connector.

#### **Ki pwoteksyon yo ofri an ka konje vyolans domestik?**

- Lyft ak Uber dwe akòde chofè yo jiska 15 jou konje san peye pou rezon sa yo:
  - chèche oswa jwenn swen medikal, konsèy, sèvis viktim oswa asistans jiridik;
  - sekirize lojman;
  - jwenn yon òdonans pwoteksyon nan men yon tribinal;
  - konparèt nan tribinal oswa devan yon gran jiri;
  - reyinyon ak yon avoka distri oswa lòt ofisyé ki la pou fè respekte lalwa;
  - patisipe nan pwosedi gad timoun; oswa abòde lòt pwoblèm ki gen rapò dirèkteman ak konpòtman abizif kont anplwaye a oswa manm fanmi anplwaye a.

#### **Ki pwoteksyon ki genyen kont reprezay?**

- Lyft ak Uber pa pral egzèse okenn reprezay kont okenn Chofè sou baz ke yo te kolabore oswa yo pxèsevwa yo te kolabore ak Pwokirè Jeneral la oswa yo te pote plent oswa fè reklamasyon dapre akò a.